# 28 desanm

**Tou sa yon nonm fè pase nan bouch, men l ap toujou grangou.** Eklezyas 6. 7

***(Jezi di yo :)*** **Se mwen menm pen ki bay lavi a. Moun ki vin jwenn mwen pap janm grangou. Moun ki kwè nan mwen p ap janm swaf dlo.**
Jan 6. 35

## Kesyon entèdi

Fèt la ranpli ak moun nan pak endistriyèl la ki byen reyisi. Moun yo envite yo te mete moun ki te envite yo nan mitan pandan yo t ap manje ak bwè, yo t ap felisite li pou òganizasyon bèl sware sa a. Youn nan yo te deklare : “Ou gen chans ! Afè ou yo ap byen mache, ou gen yon bèl madanm ak yon bann bon ti moun !” Mesye a reponn : “ou gen rezon, bagay yo pa mal”. Men, toutakou, ak yon ton ki pi serye, li kontinye pandan li moutre l pwatrin li : “pa mande m kòman sa ye anndan”.

Men kesyon, sitou ou pa dwe poze ! Ki konfesyon, tèrib, klè sa ! Li trayi enkyetid mesye sa a. Siksè sosyal ak familyal la fann akoz angwas ki anndan kè li ak maladi sa a ke li pa vle pèsonn konnen, men k ap wonje anndan li, se menm pwoblèm sa k ap wonje anpil nan kontanporen nou yo. Donk, se pa siksè pwofesyonèl, familyal, sosyal ak distraksyon e plezi nan sosyete nou an ki ka geri pwoblèm entèn sa a. Se yon sèl moun ki ka geri l e ba nou lapè ak vrè bonè a, se Bondye. Li wè mizè moun sa yo, tout moun panse ki alèz. Li konnen jan yo gen yon gwo swaf, jan yo anvi gen lapè anndan yo, jan yo anvi delivre, donk sèl li menm ka bay yon satisfaksyon toutbon ak bezwen sa yo.

Li sifi pou m adrese mwen sèlman ak li, pou mwen rekonèt mwen pa ka rann mwen ere. Men, eske m ap fè premye pa, pou m aksepte nan lavi mwen Jezi Kris ki di : “moun ki kwè nan mwen p ap janm swaf” ?

# 28 décembre

**Tout le travail de l'homme est pour sa bouche, et cependant son désir n'est pas satisfait.** Ecclésiaste 6. 7

***(Jésus dit :)*** **Moi, je suis le pain de vie. Celui qui vient à moi n'aura jamais faim ; et celui qui croit en moi n'aura jamais soif.** Jean 6. 35

## Question interdite !

La fête bat son plein dans le parc de cet industriel qui a si bien réussi. Les invités se pressent autour des buffets et félicitent celui qui invite pour l'organisation de cette soirée. A l'un d'eux qui s'exclame : “Vous avez de la chance ! Des affaires qui marchent, une femme ravissante et des enfants magnifiques !” il répond : “Vous avez raison, ça ne va pas mal”. Mais tout à coup, sur un ton plus sérieux, il poursuit en désignant sa poitrine : “Mais surtout ne me demandez pas comment ça va là-dedans”.

Voilà la question qu'il ne faut surtout pas poser ! Quel aveu, terrible et lucide ! Il trahit le désarroi de cet homme. Le succès social et la réussite familiale se fissurent sous l'effet de cette angoisse intérieure et de ce mal-être indéfinissable qui minent beaucoup de nos contemporains. En effet, ce ne sont pas les succès professionnels ni les distractions et les plaisirs de la vie sociale qui peuvent guérir ce malaise intérieur. Il n'y a qu'une personne qui puisse le faire et donner la paix et le vrai bonheur, c'est Dieu. Il voit la misère de ces cœurs qui se cache sous des apparences trompeuses. Il connaît la soif d'absolu, de paix, de délivrance, et lui seul peut donner une réponse à ces besoins.

Il suffit que je m'adresse à lui en reconnaissant que je suis incapable d'assurer mon bonheur moi-même. Mais est-ce que je vais faire le pas, et accepter dans ma vie le Christ qui me dit : “Celui qui croit en moi n'aura jamais soif” ?

49443_BPC_Creol_Inhalt_12 Dezember.indd 56 27.09.16 13:55